## Naar bi daan wottu buntu Të, ñu koy wax Daxelef

Dégguléé ñu naan "Daxelef amul worma" ? Daxelef tontu na leen woon : "Waxuléén ko woon ca talaatay Ndeer".

Daxelef yi bi nga xamee né tojug Ndeer gu jëkk ga am na, ñoom ci seen bopp ñoo walluji jigéén ña fa nekkoon ba tax ñaawul. Daxelef yi ñoo tax ñaawul ndax fi Almaami ñówéwóón la Daxelef yi yëgé xeex ba, daldi ñów dimmali leen, wóññi Almaami.

Bi nga xamee ni nag Daxelef yi wor nañu, ñu né : "Daxelef amul worma. Ñu né leen : "Waxuléén ko woon ca Talaatay Ndeer ja nu léén dimmaliwóón."

Daxelef moomu moo daan wottu buntu Të.

Ci bi nga xamee né mu ngiy wottu buntu Të, ba am benn bés gëléémam dem, mu xëy gisu ko, mu dem di ko toppi. Muy dox ba taseeg Yirim Koddu ag ñeneen ñi nga xam né moo leen di wottul buntu Të. Mu romb leen né leen :

- Sama gëléém dafa réér maa ngi koy toppuji.
- Ñu né ko : weaw Daxelef...
- Mu né leen : naam !
- Ñu né ko : yow fi nga jëm sex jëmmóó naag Buur bii Nja Xuri Jóób jaaroon moom mi ñu génnéwóón !

- Mu né leen : Damay dem rekk, xam ngéén jàngoroy Naar.

- Gaa ñi né ko : soo ko giséé daal (daldi jël benn koti (1) jox ko ko) né ko : soo giséé Nja Xuri Jóób, néé ko, sa doomu baay yi néé nañu soo waree mosati jënu Waalo, kooku nga koy mose.

Daxelef jël koti ba. Ba mu ko jëléé, faaleetul sax gëléém ga.

Daxelef daldi jubal ca Nja Xuri Jóób, ñów fekk ko ci biir moroomam yépp ; ñoom ñépp ay buur lañu. Ñii fàlu nañu buur,

---

(1) Koti : dafa mel ni juñxóób.

ñii doomi buur lañu di ay garmi. Ñoom génné nañu ko kër baayam.

Dëgg-la doomu garmi la, waaye garmeewul foofu. Nii mu nekke daal doy na waar, te neexu ko, moom, dafa ñów rekk wutal doole.

Daxelef fekk ko ci moroomi garméém yépp, daldi yëkkati koti ba, jox ko, daldi né ko : sa doomi baay ya ca Waalo néé nañu soo waratee mós jënu Waalo, koti bii nga koy mósé.

Xol ba bax ba tontuwul sax Naar ba. Naar ba dem ba yàgg né ci xelam : Waaw man ndax damaa amul jom ? Ñu yonni ma ci Njaa Xuri Jòòb, tontuwu ma sax, ma wóññééku xaat ! Ma dellusi né ko :

- Njaa Xuri Jòòb, sa doomi baay ya ca Waalo néé nañu, soo waratee mós jënu Waalo, koti bii nga koy mósé.

- Mu né ko : dégg naa la.

Mu daldi sëgg, Naar ba demaat. Mu né ñokket jóg, daldi jubal ca kër ga, daldi ko wax yaay ji; yaay ji né ko :

- Wax nga dëgg ! Li tax ñu wax la loolu, danga di doomu garmi na ñoom, ñu dàqoon la te yow sa xel nekkul ci dem fàluji ca sa kër baay, te yaa fa wara nekk buur ndax sa yaay for la fa, sa baay gor la fa.

Wax jooju ko yaay ji wax metti ko lool. Mu dem ca Buur Jolof wax ko mbir mi. Buur Jolof tontu ko né ko :

- Li nga wax dégg naa ko. Man itam dinaa la dimmali.

Mu daldi ko jox benn andaaru wurus ag benn andaaru xaalis, né ko : maa la ko dimmalee. Bés boo fi jógéé di dem Të xeexeeg say doomi baay, dëkk boo romb, la fay doomi garmi te mëna xeex dinañu takk seeni fas, ànd ag yow.

Nja Xuri Jòòb né ko :

- Loolu rekk laa bëggóón dégg, ndax fii ma tollu xeex rekk la bëgg.

Mu daldi woo moroomi garméém yépp nag, ñu daldi rey xar yi. Booba ceeb amul, diggu-bëccëg cere lañu daan defar. Ñu daldi defar cere bëccëg ji. Bi ñu cerse ba noppi, yaay ji, fi nga xamee ni fa la Njaa Xuri Jóób di toog, mu def fa yaxi nagi daaw, yax yoo xam né benn suux nekku ci.

Bi nga xamee ni ñów na ubbi ndab li teg ci bëtam, mu naqadi ko lool. Mu daldi buur wuti yaay ji, né ko :

- Yaay lii lu mu doon ? Yàpp wii yépp nekk fii nga di nu jox lii !

Mu né ko :

- Soo bëggéé yàpp dangay def ni sa moroomi garmi yi def.

Foofa nag Njaa Xuri Jóób xol ba tàng lool. Mu daldi xamal yaay ji né ko dégg naa li nga wax.

Jamano yooya Waalo amoon na benn bàppu gu fi nekkoon. Bàppu lañu koy wax. Li ko dale ca ndigg la ba ca suuf ban la (xam nga tabaxu ban yooyu ñu naan kër jinné la). Wante li ko dale ci bopp ba ba ci ndigg la, yaram la wuy wax ag ay loxo, bopp ag yooyu... Booba buur bu mosaan di joge Waalo dangay dem mu ñaanal la ngay soga dem.

Mu dem ci bàppu ga mu jox ko benn illéér bu kenn masul beye, né ko :

- Illéér bii, fu mu jaar, yaa fay dooni buur ëllëg ag sibbir.

Njaa Xuri Jóób joxe benn andaaru wurus wa ñu jàlle ko Gànnaar, ca Muxammat Laamin, booba ca Gànnaar moo fàlu buur Tararsa. Muxammat Laamin moomu, bi nga xamee né dem na ca, mu né ko man déy dinaa la dimmali. Mu yóbbanto ndaw né Naari Daxelef yi :

- Li nga xam né moom ngéén defoon ba tax Të tojul, t- -e naa ko bés nikki tey.

Bi mu waxee loolu, mu né Njaa Xuri Jòòb :

- Boo yéexéé dugg Te ba Anta yëg ko nag, sa xeex dootul neex. Ñetti doomi Faa-baabu yépp rey naa leen, te ñoom ñoo doon jàmbaari Të. Foofu moom bul fa xalaat dara. Ñoom ñépp rey naa leen. Anta daal moo ma ci xawa jaaxal, wante soo gaawee du la mënal dara.

Booba Të bu bëccëg jotaan, luy doomi garmi dañuy génn dëkk, wacc fa seeni xeexukaay. Dañu daan dem ca ginnaaw dëkk ba ci bëréb bu yaatu, lal fa seeni basañ di naan sàngara, di tòx, di lekk yàpp. Bu jant bi sowee ñu dellusi. Saa yu ñu amee xeex, dem xeexi.

Fekk Njaa Xuri Jòòb xam na lépp.

Daxelef dem ca Njaa Xuri Jòòb né ko :

- Waaw, sa doomi baay ya ca Waalo, te ñu yòbbante la woon koti ba, loo xam ci ñoom ?

Njaa Xuri Jòòb né ko :

- Man déy Daxelef danga di naar, su ma la waxee dara dangay dem wax leen ko. Wante man, ndégam laaj nga ma dinaa la wax ndax bëgguma ëllëg ag sibbir nga naan dama la wor.

Njaa Xuri Jòòb wax ko lépp.

Daxaleef it ragal koo wor ndaxte su ko woree xam na né dina ko rey bu ko fekkee Të. Xam na né Njaa Xuri Jòòb fowatul.

Ba loolu amee, bu yendoo ca buntu Të, dem fanaani ca Njaa Xuri Jòòb.

Ba ñu ca tegee ay fan, Njaag takku fas yéené xeexi.

Nikki ko Buurba Jolof waxewoon, dëkk bu mu romb, moroomi garméém yi takk topp ko. Daxelef moo leen doon won yoon wi ba ñu egsi Të. Mu né leen :